



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Sulisnet Jimenez, Principal

Jelsie I. Basso, Vice Principal

Elliott K. Johnson, Vice Principal

Michael Stephen Robel, Vice Principal Annex

Mwa Dawou 2025

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl *John E. Dwyer Technology Academy Main #82 ak Annex # 82 A*), nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2025-2026 k ap kòmanse Jedi 4 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwonman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Chak ane nou fè anpil efò pou nou kenbe yon patenarya ki pi solid ant kominote lakay ak lekòl la. Patisipasyon paran nan yon ti koze, pran yon ti kafe, oswa rantre nan PTO a, se kèk nan fason manm fanmi an ka angaje pi plis nan kominote lekòl la, epi an menm tan rete konekte.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantre lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL

Ane lekòl 2025-2026 la, ap kòmanse Jedi 4 septanm 2025. Enstriksyon ap fèt nan lè 7:45 a.m. pou rive 2:29 p.m.

Nan lide pou ede fasilite bon jan tranzisyon ak lòd pandan tan lekòl ap rantre ou byen ap ranvwaye, nou mande ou tanpri respekte pwosedi sekirite sa yo:

Depi elèv la fin antre anndan lekòl la, li pa otorize pou li kite etablisman an. Enstriksyon ap kòmanse nan klas depi 7:45 a.m. Tanpri, depoze pitit ou lekòl la, depi 7:15 a.m pou ba li ase tan pou ale nan kazye li apre pou li rantre nan klas alè.

Depi elèv la rive, li dwe pase anba aparèy ki detekte metal la. Nou mande pou tout elèv kolabore ak estaf k ap bay sekirite nan lekòl la.

N ap fè tout moun sonje limit vitès pou machin kouri nan zòn lekòl la pa dwe depase 25 mph. Toujou gen anpil blokis. Tanpri, fè bon jan planifikasyon pou ou kapab pran prekosyon nan jan w ap depoze pitit ou lekòl.



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Sulisnet Jimenez, Principal

Jelsie I. Basso, Vice Principal

Elliott K. Johnson, Vice Principal

Michael Stephen Robel, Vice Principal Annex

Tanpri, nou vle w konnen sekirite ou enpòtan anpil pou nou. Tout moun k ap antre nan batiman an dwe tyeke nan biwo sekirite, siyen epi montre bon jan pyès ki pou idantifye ou, anvan ou resevwa otorizasyon pou ale nan biwo prensipal kote sekretè a ap asiste ou. Se sèlman moun ki paran bay otorizasyon nan PowerSchool k ap gen dwa vin cheche pitit ou lekòl. OKENN paran/gadyen oubyen vizitè pa otorize antre nan klas yo.

Jou *jedi 4 Septanm, 2025* la, tout elèv ap kapab antre nan batimana an apati 7:15 a.m. si yo ta vle manje maten. Elèv sa yo dwe ale dirèkteman nan Kafeterya a.

KALANDRIYE LEKÒL EPS

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ou li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2025-2026, tanpri vizite lyen sa a:

[School Calendar for 2025-2026.pdf \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/School_Calendar_for_2025-2026.pdf)

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogrè akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesèsè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2025-2026 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Lendi 18 Dawou.

ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesèsè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Sulisnet Jimenez, Principal

Jelsie I. Basso, Vice Principal

Elliott K. Johnson, Vice Principal

Michael Stephen Robel, Vice Principal Annex

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](#). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](#).

RÈGLEMAN POU INFÒM

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. *Elèv la dwe mete infòm lekòl la chak jou.*

W ap jwenn règleman sou infòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade “*Uniform and Dress Code Policies*” epi swiv enstriksyon ki bay.

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman sou infòm nan. Elèv ki pa respekte règleman infòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la nan Jedi 4 septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman infòm lan.

APARÈY ELEKTWONIK

Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezilta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Sulisnet Jimenez, Principal

Jelsie I. Basso, Vice Principal

Elliott K. Johnson, Vice Principal

Michael Stephen Robel, Vice Principal Annex

yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen laptop yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesèsè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak laptop ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje laptop la.

NOUVO ELÈV

Tout nouvo elèv 9vyèm Ane nan Annex ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

Telefòn selilè / pòtab oubyen "air pods" dwe rete nan anndan sak lekòl elèv la. Lekòl la pa responsab si bagay sa yo pèdi.

RETE KONEKTE

Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere kominikasyon ou vè ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijan rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.



John E. Dwyer Technology Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Sulisnet Jimenez, Principal

Jelsie I. Basso, Vice Principal

Elliott K. Johnson, Vice Principal

Michael Stephen Robel, Vice Principal Annex

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou pitit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

DISTRI/ ENFÒMASYON POU LEKÒL

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl, tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsònèl ou regilyèman:

-
- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
 - Avi Konsènan egzamen fizikal
 - Fòm Media Release
 - Fòm Pèmision Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
 - Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
 - Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
 - Aplikasyon pou manje midi
-

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou pitit ou” epi swiv enstriksyon yo.

TRANSPÒTASYON

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
- Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò



RÈGLEMEN SOU GRADYASYON

Depatman Edikasyon Eta New Jersey ansanm ak Konsèy Edikasyon Elizabeth mande pou tout elèv ranpli tout kondisyon ak gwo estanda, pou yo kapab resevwa diplòm lekòl segondè.

Tanpri, vizite sit entènèt EPS nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> epi gade seksyon “*Graduation Requirements*”. Se la w ap jwenn tout enfòmasyon nesèsè, tout sa ou dwe konnen sou gradyasyon.

ABSANS

Nenpòt elèv ki genyen plis pase (9) absans pandan ane lekòl la, nan youn nan klas yo, pap resevwa kredi pou klas la, menm si se ta pou yon rezon medikal. Elèv ki gen (4) absans pandan 4triyèm trimès la gen chans pou li pa resevwa kredi.

Nenpòt elèv ki pa vini lekòl prepare pou klas Edikasyon Fizik, pandan (9) fwa, oubyen plis, gen chans pou pa resevwa kredi pou klas sa a.

KANÈ YO

Se prèske chak senk (5) semen (anviwon 8 fwa nan ane a) n ap voye bay paran an kanè oubyen yon rapò sou pwogrè pitit ou nan lekòl la. Chak rapò sa yo ap gen enfòmasyon ki enpòtan anpil ladann. N ap siyale ou tou si elèv la vini lekòl anreta. Patisipasyon nan klas ak anreta, enfòmasyon sa yo ap anndan rapò a tou. Tanpri, pandan tout ane lekòl la, ede nou nan fason w ap ankouraje pitit ou vini lekòl alè, chak jou.

Konseye Pedagojik ansanm ak Administratè yo disponib pou rankontre avèk ou pandan tout ane lekòl la. Tanpri, rele anvan pou ou mete yon randevou pou vin chita pale ansanm ak yo sou sa ki konsène pitit ou.



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Sulisnet Jimenez, Principal

Jelsie I. Basso, Vice Principal

Elliott K. Johnson, Vice Principal

Michael Stephen Robel, Vice Principal Annex

Kalandriye ane lekòl 2025-2026 pou klas K-12 disponib sou sit entènèt EPS. Tanpri vizite lyen sa a: <https://www.epsnj.org/Page/4374> epi klike sou tab “*Marking Period Schedule.*”

DAT ORYANTASYON

9^{vyèm} Ane Segondè Oryantasyon ap fèt nan jou:

Madi, 19 Dawou, 2025

11:00 a.m.

Lokasyon: John E. Dwyer Technology Academy Annex, 227 Centre Street, Elizabeth, NJ. 07202

RETOUNEN LEKÒL ASWÈ

Nou kontan anpil pou kòmanse nouèl ane lekòl la, epi n ap tann paran/gadyen pou patisipe nan Lekòl aswè:

Jedi 18 Septanm 2025:

Dwyer 9^{vyèm} ane Academy Annex

6:00 p.m.

John E. Dwyer Technology Academy Main

7:00 p.m. 123 Pearl Street

Nou espere nou tout ap kontinye jwi rès Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm *Jedi 4 Septanm.*

Sensèman,

Sulisnet Jimenez, Direktè

Elliott K. Johnson, Asistan Direktè

Sharon Calixto, Asistan Direktè

Michael S. Robel, Asistan Direktè Annex



John E. Dwyer
Technology
Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Sulisnet Jimenez, Principal

Jelsie I. Basso, Vice Principal

Elliott K. Johnson, Vice Principal

Michael Stephen Robel, Vice Principal Annex